# ИСМАЙЫЛБЕК ГАСПИРАЛИНИҢ ТӘЛИМ-ТӘРБИЯЛЫҚ ОЙ-ПИКИРЛЕРИ

**Қ.Сейтмуратов** – *педагогика илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** жадидчилик, маърифат, мактаб, мадраса, ислоҳот, мустақиллик, диний таълим.
**Ключевые слова:** джадидизм, просветительство, школа, медресе, реформа, независимость, религиозное образование.
**Key words:** jadidism, enlightenment, school, madrasah, reform, independence, religious education.

XIX әсир орталарына келип бир қатар зиялы инсанлар тәрепинен усыныс етилген социал-экономикалық ҳәм мәдений жақтан раўажланған мәмлекетлерге теңлесиў идеясы, усы тийкарда пайда болған жәдидшилик ҳәрекети жәмийетти аўдарыспақ жолы менен емес, ал реформалар жолы менен раўажландырыўды өзиниң тийкарғы мақсети деп белгиледи. Олар бул исти ағартыўшылықтан баслап, сол дәўирде пайда бола баслаған жәдитшилик ҳәрекети ҳәм жаңа усылдағы жәдит мектеплери арқалы әмелге асырыў мүмкин деп есаплады.

Жәдитшилик дәслеп Қырымда пайда болып, оның тийкарын салыўшы қырым-татар шайыры ҳәм педагогы, билимлендириў тараўында өзине тән реформа жасап, жаңа жәдид мектеплериниң тийкарын салған, нәтийжеде турк қәўимлериниң жапакеши, «идеялық атасы» атанған Исмайылбек Гаспирали (Гаспринский) (1851-1914) есапланады. Ол шығыс халықлары мәдений өмиринде, әсиресе мектеп ҳәм ағартыўшылық тараўында үлкен бурылыс жасаўға себепши болған «Жаңа усыл» - «Усили савтия» жәдит мектеплерин дүньяға келтирди. Ол барлық туркий халықларды бир пүтин миллет деп есаплады.

Ол дәўирде Симфереполь қаласын жергиликли халық Ақмешит деп атаған. Симферепольға жақын жерде Қара тениздиң бойында Ялта уездине қараслы Гаспра жанындағы төрт тәрепи таўлар менен оралған Авжикий деген кишкене аўылда 1851-жылдың 21-март (айырым әдебиятларда 20-март) күни туўылган. Әкеси Мустафабек Кавказ хам Қырымниң генерал-губернаторы князь Воронцовтың дилмашы болып ислеген, садық хызметлери ушин 1865-жылы поручик атағы берилип, дворян дәрежесине көтерилген. Анасы Фатима Қырым мырзасы Темирғазы Кантақозовтың қызы болған. Лекин көп ўақыт өтпей Қырым урысы басланып, Мустафабектиң шаңарагы Бақшасарайға көшип келеди. Жас Исмайылбектиң тарбиясында анасы Фатима хәм кемпир апасы Хабибаның хызметлери үлкен болды.

Исмайылды сегиз жасында Бақшасарайдағы Ҳажы Исмайылдың ески мектебине оқыўға береди. Он жасқа толғанда әкеси Мустафабек анасы Фатиманың наразылығына қарамастан Ақмешиттеги (Симфереполь) губерния ер балалар гимназиясына алып барады. Ол жерде еки жыл окығаннан соң Воронеждеги кадетлер әскерий билим журтына кирип оқыйды. Исмайыл он үш жасында оқыўын Москвадағы Милютин әскерий гимназиясына өзгертеди. Лекин 1868-жылы оны питкерместен оқыўды таслап, Бақшасарайға қайтады. Ол «Шынжырлы» медресесинде оқытыўшылыққа болған таңлаўдан табыслы өтип, рус тилинен сабақ бере баслайды ҳәм қосымша «Дағазалар» мәкемесиндеде дилмашлық етеди.

Кейиншелик 1871- жылы сырт еллерге шығып кетеди ҳәм оқыўға болған қызығыўшылық оны Түркия, Алжир, Тунис, Египет, Греция, Франция, Германия, Австрияға алып келеди. Сапар даўамында ол сол еллердиң турмысын, жасаў шараятын, тәлим системасын үйренип, мақалалар жазады ҳәм оларды Санкт-Петербург, Москва, Одесса қалалары баспа сөз бетлеринде дағазалап барады. Вена, Мюнхен, Штутгарт қалаларында болады. Атақлы Сарбона университетинде тәлим алады.

1876-жылы елине қайтып келип, Бахшасарайда «Шынжырлы» медресесинде рус тилинен сабақ бериў бойынша жумысын даўам еттиреди. Билимли жигит 1878- жыл март айынан Бақшасарай қалалық думасына депутат етип сайланады. Ал сол жылдың ноябрь айынан қала ҳәкиминиң орынбасары, 1879- жыл 13- февральдан 1884 - жыл 5- март сәнесине шекем Қырым ханлығының бурынғы пайтахты болған Бахшасарай қаласының ҳәкими лаўазымында минсиз хызмет ислейди.

Исмайылбек 1882 -жылы атақлы Қазан татарларынан миллионер Акчуринниң кызы Зухраханға үйленеди. Олар 20 жыл бахытлы жасап 6 перзентти тарбиялап өсирген. Олардан Диларахан хам Исмайыл ҳәзирги күнде саў-саламат Ташкент қаласында жасап атыр. (// «Юлдуз» 1990. № 1, 113-б.)

1883-жыл 10-апрельде И.Гаспирали шөлкемлестириўиндеги "Таржумон" газетасының биринши саны баспадан шығады. Газетада оның мақаласы басылып, онда «Сүйикли досларым, бизиң ушын ең гөззал ис бул илим ҳәм мағрыйпат алыўдур. Себеби инсанды инсан еткен нәрсениң өзи бул мийнет ҳәм билим. Билим мәдений турмысты жақсылаў қуралы. Мәдений турмыс болса инсанның жасаў мақсети ҳәм усылыдур....» деп жазады. Бул газета пүткил Россия бойынша түрк тилинде басылып шығатуғын бирден-бир газета болғанлығы ушын ол түрк тиллес халықлар арасында тез арада үлкен абыройға ерисип, ҳәмме ушын сүйикли газетаға айланады.

1884- жылы ол он еки баланы жаңа «жәдит усылында» оқытыўға кириседи ҳәм қырық күн ишинде оларды сөзлерди анық оқый алатуғын дәрежеде саўатлы етип шығарады. Буның жуўмағында имтихан шөлкемлестирип, оған ата-аналарды, басқада кең жәмийетшилик үәкиллерин мирәт етеди. Өткерилген имтихан жуўмақларынан тәсирленип, ҳәмме қатнасыўшылар «жәдит усылының» абзаллығына таң қалады. Қулласы Исмайылбек сол жерде ески мектепте бес жылда үйрететуғын оқыў материалын еки жылда үйретип шығарады [1:255].

Жәдитшилердиң тийкарғы мақсети диний қағыйдаларға тийкарланған орта әсирлик мектеплер орнына дүньялық илимлерди ана тилинде оқытыўды мақсет еткен жаңа усылдағы мектеплерди ашыў, усы нийетте сол дәўирдеги ағартыў системасын реформалаў болды. Ағартыўшылықтың жоқарғы басқышы тәризинде шөлкемлескен жәдитшилик ҳәрекети билимлендириў тараўын реформалаўды ғәрезсизлик ушын гүрестиң тийкарғы қуралы деп есаплады.

Исмайылбек балалар ушын оқыўлықлар жазып, оның «Хўжаи сибён» (Балалар муғаллими) атлы сабақлығы 1910- жылға шекем 27 мәрте қайта басылып шығады. Бул китап 1911 -жылы Бомбейде қайта басылып, оның авторы Ҳиндистанға мирәт етиледи. Китаптың сыртына «Балалар тәрбиясына олардың ата-аналары жуўапкер» деген сөзлер баян етилген болып, тәлим-тәрбияның сапасына үлкен тәсирин тийгизген сабақлық болды. Буннан тысқары 1894-жылы «Турк хрестоматиясы» сабақлығы, 1889 - жылы географияға тийисли «Ел таныў» (страноведение) оқыў қолланбасы жарық көрди.

Гаспиралиның «Таржумон» газетасы баспаханасынан «Мираат джедид», «Қысқаша турк грамматикасы» (1882), «Россия географиясы» (1885), «Адам анатомиясы» (1892), «Таза жазыў» (1894), «Илимий математика» (1897),» Атласлы география» (1901), «Персия грамматикасы», «Турк грамматикасы», «Араб грамматикасы» (1897) оқыў қолланбалары басылып шықты. Гаспирали ҳәр қыйлы жастағы балалардың жазып үйрениўине қолай болыўы ушын үлкен ҳәм кишкене

ҳәриплерге қолайластырылған «Слюс», «Рика», «Талик» атлы арнаўлы жазыў дәптерлерин басып шығарды. Сондай ақ, оның авторлығында оқытыўшылар ушын «Муғаллимлер ушын қолланба» ҳ.т.б. методикалық қолланбалар, көрсетпелер басылып шығып, оларда жаңа мектеплерде тәлим-тәрбия жумысларын мазмунлы алып барыў бойынша қымбатлы мәслаҳатлар берилген.

И.Гаспирали өз заманының прогрессив пикирлеўши зиялысы сыпатында дүньяда үлкен абыройға ийе болды. Ол түрк қәўимлериниң ҳақыйқый жанкүйери ҳәм мақтанышы есапланатуғын еди. Ол түркий халықларды бир миллет деп қарағанлықтан, олардың илим, билим, мәдeният, ҳуқық мәселелеринде дүнья ҳалықларынан кем болмаўын әрман етти ҳәм өзиниң барлық саналы өмирин, күш-қуўатын усы жолға сарыплады. Сонлықтан тез арада түрк дүньясының «Идеялық атасы» сыпатында абырой ҳәм даңққа бөленди.

И.Гаспиралы жигирмадан аслам әдебий шығармалар дөретип, оның қәлеминен «Дар уль Рахат мусылманлары» атлы утопиялық повестти өз ишине алған «Француз хатлары» атлы роман, «Күн туўды», «Молла Аббас» романлары, «Шығыс қайғысы» атлы новеллалар топламы, «Африка хатлары-Амазонкалар журты» атлы повести, «Арыслан қыз» ҳ.т.б. гүрриңлери дөреди. Оның шөлкемлестириўинде «Ҳаял-қызлар дүньясы», «Балалар дүньясы», «Ха-ха-ха!», «Миллет» (1906) татар тилиндеги журналлары, Египетте араб тилинде «Аль Нахда» (1908) газетасы жарық көрди [2].

Исмайылбек феноменининң және бир көриниси бул ағартыўшылықты, мәдениятты раўажландырыўда миллийликти сақлаў ҳәм қәдирлеў болды. Ҳәр бир бала сабақты өз ана тилинде оқыўы, миллий үрп-әдетлерди сақлаўы ҳәм қәдирлеўи тийис деп нәсиятлайды. Миллеттиң өзлигин көрсететуғын тәреплериниң бири бул тил ҳәм мағрыйпат, бул екеўи болмаса миллет еркин бола алмайды деп көрсетеди. Оның идеялары тийкарынан «Таржумон» газетасы арқалы тез арада Россия (Татарстан, Башқуртстан ҳ.т.б.), Персия, Қытай, Египет, Туркия,Франция, Болгария, Швейцария, АҚШ ҳәм басқада дүньяның көплеген мәмлекетлерине, соның ишинде Орайлық Азияда, Түркистан үлкелерине де кеңнен таралды.

И.Гаспирали 1893- жылы Түркистан үлкесиндеде болып, Самарқанд ҳәм Бухарада үлкениң бир қатар зиялылары Махмудхожа Беҳбудий, Абдулқодир Шакурий ҳ.т.б. менен ушырасады, ҳәттеки Бухарада «жәдид мектебин» ашады. Бул зиялылардың көпшилиги Исмайылбектиң идеяларын қоллап-қуўатлайды [3:30]. Олардан Файзулла Хожаев, Исҳоқхон Ибрат, Сиддиқий Азизий, Сайдрасул Азизий, Мухаммедшериф Супызада, Мунаввар қарый Абдурашидов, Исматулла Раҳматуллаев, Абдулла Авлоний, Садриддин Айний, Абдирауф Фитрат, Ҳамза Ҳакимзада Ниязий, Қарақалпақстаннан Сейфулғабид Мажитов, Қазы Мәулик Бекмухаммедов ҳ.т.б. атларын атап өтиў орынлы.

И.Гаспирали түрк халықлары арасында жәмийетлик искер сыпатында үлкен абыройлы еди. 1905-жылы Гаспирали ҳәм оның бир қатар пикирлеслери тәрепинен «Россия мусылманлары кеңеси» деп аталған либераллық мусылман шөлкеми дүзиледи, соның менен бир ўақытта Гаспирали оның Қырым бөлимин басқарады. И.Гаспирали дүнья мусылманлары ишинен прогрессив күшлерди шығыс еллерин реформалаў ҳәм раўажландырыўда бирлестириў мақсетинде 1907-жылы Каир қаласында Пүткилдүнья мусылманлары Конгрессин шақырыўды усыныс етеди. Бирақ айырым ел ҳүкимран топарлардың қарама-қарсылықлары себеп бул конгресс шақырылмай қалады.

И.Гаспирали турк дүньясындағы ең атақлы адамлардың бири болып, оның атын Қытайдан Лондонға шекем, Санкт-Петербургтан Бомбейге шекем билетуғын еди. Исмайылбек Гаспиралини Францияның ең абырайлы журналының бири «Ревью де монде мусылман» оның миллет алдындағы уллы хызметлери ушын кандидатурасын «Тынышлық жолындағы халықаралық Нобель сыйлығына» усынған ҳәм оны шет мәмлекетлериндеги жүдә көп баспа сөз орынлары бул усынысты қоллап-қуўатлап шыққан.

И.Гаспирәлиниң пикиринше «жәдидшилик бир ғана мектеп пенен шекленип қалмастан Россиядағы мусылманлар мәнаўий әлеминиң барлық тәреплерин-медресени де, баспа сөзди де, илим-пәнди де өз ишине алады». Сондай ақ ол миллеттиң өзлигин көрсететуғын тәреплериниң бири тил ҳәм ағартыўшылық деп көрсетеди.

Бул сөзлердиң дәлийлин Туркистандағы жаңа усылдағы мектеплерге, баспасөзге, театр өнерине биринши болып жәдидлердиң тийкар салғанлығынан көремиз. Мысалы, Түркистанда миллий драматургияның раўажланыўы, театрдың пайда болыўы өзбек жадидшилериниң устазы М.Беҳбудийдиң «Падаркуш» песасын 1914-жылы (1911-жылы жазылған) сахналастырыўдан басланған. Исмайыл Обидий бас редакторлық еткен «Тараққий» газетасының 1906-жылы 27-июньдағы биринши саны басылып шыққан күн ҳәзирги ўақытта Өзбекстанда «Баспа сөз ҳәм ғалаба хабар қураллары хызметкерлери күни» сыпатында белгиленбекте.

Исмайылбек илимий социализм тәлийматына да критикалық көз-қарастан баҳа берип. оған гүман менен қарайды. Мәселен, «социализм мийнетте сыналған ағайиншиликтен басқа динди де, миллетти де, тилди де тән алмайды….олардың шақырықлары ҳәм мақсети сырттан қарағанда көзди тартады, ҳәттеки адамды өзине ашық етиўи де мүмкин. Тийкарында бул теория оны келтирип шығарған себеплерге бола ис тутады… революциялық гүреске, қан төгиўге шақырады».

Сондай ақ, «Әдалатлықты тәмийинлеў ушын жәҳән тәртибин бузыў шәрт емес, себеби ол буннанда үлкен қыйыншылықларды алып келиўи мүмкин. Ҳәр бир адамның мийнет етиўге, жерге болған, сондай ақ тыныш жасаўға болған ҳуқықын тәмийинлеў зәрүр, лекин бул биринен тартып алып, екиншисине бериў дегени емес»,-деп көрсетеди. Ол пикирин даўам еттирип, «Ҳәр кимниң ақылы, күши, қәбилети ҳәр түрли, ҳәр ким өз имканиятына қарай ырысқы табады. Енди булардың бәри тең бөлинеди дейди. Бул қандай теңлик болды? Мәмлекет ҳәм жәмийет «казарма»ға айландырылып, ҳәмме улыўмалық асханаға мирәт етиледимиш?» деп, сол дәўирдеги революционерлердиң пикирлерине қосылмайтуғынлығын билдиреди [1:257].

И.Гаспиралиниң мийнетлери өз өмири даўамында мунәсип сыйлықланады. Ол 1893- жылы Бухара амирлигиниң III-дәрежели «Шығыс жулдызы алтын ордени» менен, 1894-жылы Түркияның IV-дәрежели «Меджидие» ордени менен, 1897-жылы Россияның «Санкт-Петербург рус Техникалық жәмийетиниң медалы» (гүмис) менен, Иранның «Арыслан ҳәм Күн» ордени менен еки ирет (III ҳәм IVдәрежели, кейингиси 1904-жылы) сыйлықланған.

Исмайылбек Гаспирали 1914- жылдың 11- сентябринде дүньядан өтеди ҳәм өзи устазлық еткен Шынжырлы медресеси жанындағы қойымшылыққа жерленеди. Ол дүньядан өткенде атақлы Н.Нариманов сондай деп жазған еди: «Миллет Исмайылбек сыяқлы қаҳараманларын умытса, онда өз өмирин қурбан еткени» [4:83].

Оның атын мәңгилестириў бойынша қатар servicios ислер әмелге асырылып атыр. 1999- жылы оның қойымшылығына жаңадан қулпы тас орнатылды, 2001- жылдан оның мемориаллық музейи қайта өз жумысын баслады. Оның аты менен Симферополь, Бахшасарай қалаларында бир қатар көшелер, мектеплер, китапханалар аталады, мемориаллық тахтайшалар, орайлық майдан-

ларға ескерткишлер орнатылған. 2016-жылы Қырым Республикасы И.Гаспирали аты менен аталыўшы медальды шөлкемлестирди ҳәм оның менен елди, миллетти раўажландырыўға үлкен үлес қосқан инсанлар сыйлықланып келинбекте.

Үлкемиздиң ғәрезсизликке ерисиўинде, азат болыўында жәдидлердиң хызмети уллы. Олар халыққа жарықлық, руўхыйлық алып келди, билим жолы арқалы халықтың көзин ашыўға ҳәрекет етти. И.Гаспиралиниң педагогикалық пикирлери, қалдырған мийраслары ҳәзирги ўақытта да үлкен әҳмийетке ийе. Сонлықтанда жәдитшиликтиң мәнис ҳәм мазмунын еледе тереңирек үйрениўимиз, жасларды тәрбиялаўда олардың прогрессив идеяларынан орынлы пайдаланыўымыз зәрүр.

**Әдебиятлар**

1. Хошимов К. ва б. Педагогика тарихи. –Т.: «Уқитувчи»,1996, 448-б.
2. https://kpi.ua › hasprynsky
3. Жадидчилик: ислоҳот, янгиланиш, мустақиллик ва тараққиёт учун кураш. -Т.: «Университет» 1999, 219- б.
4. Выдающиеся просветители Евразий. Башкирский ГУ им. М.Акмуллы. –Уфа: 2020.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада жадидчилик ҳаракатининг пайдо бўлиши ва ривожланиши, унинг мақсад ва вазифалари, атоқли қримтатар педагоги ва шоири И.Гаспиралининг ушбу ҳаракатга асос солганлиги, унинг туркий қавм олдидаги, жумладан, таълим тизимини ислоҳ қилишдаги буюк хизматлари, шу асосда мустақилликка эришиш ҳақидаги қарашлари атрофлича баён этилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются вопросы возникновения и развития, цели и задачи джадидского движения, заслуги крымско-татарского педагога и поэта И.Гаспирали как великого мыслителя и основоположника джадидского движения, его мысли по завоеванию независимости, его заслуги перед тюркоязычными народами.

**SUMMARY.** The article deals with the origin and development, goals and objectives of the Jadid movement, the merits of the Crimean-Tatar poet and educator Ismailbek Gaspirali as a great thinker and the founder of the Jadid movement, his thoughts on the achievement of independence, his merits before the Turkic-speaking peoples.

## ROTATSIZM HÁM ONI SAPLASTIRIWDA QOLLANILATUǴIN USILLAR

**A.J.Tàjimuratov** – *assistent oqıtıwshı*
**N.K.Sharipova** – *student*
*Àjiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** dislaliya, artikulatsion, rotatsizm, pararotatsizm, logopedik mashqlar, metod.
**Ключевые слова:** дислалия, артикуляция, ротатизм, паразотизм, логопедические упражнения, методика.
**Key words:** dislalia, articulation, rotatism, pararotatism, logopedic exercises, method.

Bala tuwılar eken, ol ómiriniń dáslepki kúnlerinen baslap, dawıs shıǵarıp jılawǵa túsedi. Jańa tuwılǵan balanıń tuwılıwdan jılawı onıń sırtqı tásirge, yaǵnıy aytqanda suwıqqa, samalǵa, shawqımǵa qarata qaytarǵan juwap reakciyası bolıp esaplanadı. Náreste jılawınıń unamlı áhmiyetleri kóp bolıp, ol jılaǵan waqtında onıń dem alıw jolları ashılıp, sóylew apparatları ósedi hám bekkemlenedi. Bul bolsa óz náwbetinde balada sóylew tiliniń rawajlanıwı ushın zárúr sharayatlardı jaratıp beredi. Bala rawajlanıwınıń dáslepki 2-3 ay waqtınan baslap hàr qıylı seslerdi shıǵara baslaydı. Eger bul jaǵday birneshe ay yamasa jıllarǵa keshikse hám hesh qanday ses shıǵarmaytuǵın bolsa balada qandaydur kemshilik bar ekenin bildiredi. Házirgi kúnde bunday kemshilikler balalar arasında kóplep ushıraspaqta. Eñ kòp ushırasatuǵın sòylew kemshilik túri - bul dislaliya. Sonıń ishinde balalar arasında "R r" sesin aytıwda kemshiliklerge jol qoyıp atırǵan balalar sanı kòpshilikti quramaqta[1].

Bizge belgili logopediyada sesler aytılıwındaǵı kemshiliklerdi saplastırıw jolları 4 basqıshta àmelge asırıladı 1) tayarlıq basqıshı, 2) seslerdiñ aytılıwın jolǵa qoyıw (sesler pastanovkası), 3) seslerdiñ añsat hàm òz-òzinen aytılatuǵın bolıwına erisiw basqıshı - avtomatizatsiyası, 4) almastırılǵan seslerdi bir-birinen parıqlaw - differensiatsiyası. Ayırım jaǵdaylarda bir ǵana àpiwayı shınıǵıw menen seslerdiñ òz-òzinen aytılatuǵın bolıwǵa erisiw mùmkin. Biraq kòp hallarda seslerdi qoyıw ushın bir qatar tayarlaw jumısların òtkeriw zàrùr boladı. Màselen, til astı perdesiniń kelte bolıwı sebepli bala " r " sesin ayta almasa, til ushın joqarı kòtere almasa, til astı perdesiń bir qatar artikulacion shınıǵıwlar jàrdeminde òz halına keltiriw, sozıw mùmkin. Tayarlıq basqıshında artiluatsion apparattıń hàreketsheńligin jaqsılaw, dem alıw shınıǵıwları, eliklewdi rawajlandırıw hàm keyingi basqıshlarda zàrùr bolatuǵın basqa kònlikpelerdi tàrbiyalaw zàrùr. Eger bala sòylewinde kemshilikler bolatuǵın bolsa, eń dàslep natuwrı aytılatuǵın sesti durıs aytıwǵa ùyretiw, yaǵnıy sesler aytılıwın jolǵa qoyıw, onıń postanovkası ùstinde jumıs alıp barıladı. Ùyrenilgen jańa sesti basqa seslerden parıqlaw, ajırata biliwge ùyretiw - differensiaciya tòrtinshi basqısh sıpatında òtkeriledi.

Sòylewde R sesin ayta almaw yàki natuwrı aytıw rotacizm, al basqa sesler menen almastırıw pararotacizm delinedi.

Normada "Rr" sesiniń payda bolıwında artikulacion apparat aktiv qatnasadı. Bul ses aytılıwda erinlerdiń qanday kòriniske keliwi r dan keyingi dawıslı seske baylanıslı. Egerde r dan keyin i sesi keletuǵın bolsa, erinler " kùlip " turadı.

Tisler ortasında belgili aralıq bolıwı lazım. Til qasıq formasın aladı. Aldıńǵı bòlim bolsa alveolalarǵa tiyip turadı hàm kùshli hawa aǵımı tàsirinde tebrenedi. Jumsaq tańlay kòteriledi hàm dawıs baylamları tıǵızlasıp, dawıs payda etedi.

Logopedik àmeliyatta rotacizmnıñ tòmendegi tùrleri ushırap turadı:

1. R sesin ulıwma ayta almaslıq - taraq-taaq, parta-pata.
2. Jumsartıp aytılıwı - ruchka-ryuchka, oramal-oryamal.
3. R sesin tamaqtı qırǵan halda aytıw - randa- ǵanda, raxmet-ǵaxmet.
4. Qaptal rotatsizm. Bul tiptegi rotatsizmde til ushı ornına til qaptalları tebrenedi. Sonıń ushın, màselen, taraq-tariyaq, parta-parilta kòrinisinde aytıladı, yaǵnıy r ornına " rl " sıyaqlı dawıs esitiledi.
5. " Arabakesh " rotatsizm. Bunda r sesi bekkem tıǵızlasqan erinlerdiń tebreniwi nàtiyjesinde payda boladı. Màselen, prrr.

**Pararotacizmlar.** Bulardıń tùri de hàr qıylı boladı: yaǵnıy " r " sesiniñ ornına "a", "v", "d" sesleri hàm basqalar aytılıwı mùmkin.

1. Aynaǵa qarap eliklew. Bul usıl eń ańsat, jeńil rotacizmlardı saplastırıwda qollanıladı. R sesiniń artikuaciyasın úyreniwde tayarlıq shınıǵıwlarınıń roli júdá úlken. Ol eki jóneliste alıp barıladı. Birinshisi, R sesiniń tiykarınan vibratsiyasız artikulaciyasın úyretiw yaǵnıy frikativ r dı payda qılıw. Ekinshisi, tildiń vibraciyasın payda qılıw. Usı maqsette tómendegi tayarlıq shınıńıwların ótkeriw múmkin boladı.

A) Keń jayılǵan tildi joqarǵı eringe kóterip, tiydiriw. Bunda til qaptalları da joqarǵı eringe tıǵız bolıp turıwı kerek. Tómengi erin tilge tiymewi lazım.

B) Tildi usı formada uslap turıp, tisler artına tartıladı.

Tildiń ushı háreketlerin rawajlandırıw maqsetinde tómendegishe gimnastika ótkeriledi:

A) Til ushın joqarǵı eringe – tómengi eringe, joqarǵı tisler arasına tómengi tisler arasına qoyıw.

B) Shepke-ońǵa, keyin ońnan – shepke háreketlendiriw,